

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa mangrupa alat komunikasi anu kalintang pentingna. Ku ayana basa, panyatur bisa nepikeun informasi ka pamiarsa dumasar kana kabutuhanana. Dina nepikeun hiji pamaksudan, basa bisa dipaké di lingkungan masarakat sapopoé. Saupama euweuh éta basa, tangtu bakal kawatesanan dina ngalaksankeun kahirupan jeung sosialisasi antarmanusa. Basa gé digunakeun pikeun nepikeun maksud ka nu diajak nyarita. Jaba ti éta, ku ayana kabiasaan masarakat Sunda anu sok ngagunakeun basa ku cara nganyamunikeun atawa ngabalibirkeun maksud tina omongan anu sabenerna, alatan ku ayana tarékah pikeun nepikeun omongan anu sipat jeung hartina sarua tina rupaning maksud omongan anu dituju. Ngaliwatan pakeman basa, hususna babasan jeung paribasa bisa jadi alternatif pikeun milah-milih basa nu merenah sangkan teu togmol teuing atawa nyugak kana haté pamiarsa.

Wujud tina éta pakeman basa nyaéta babasan jeung paribasa. Babasan mangrupa ungkara basa dina wangun kecap (kantétan) atawa frasa anu susunana geus matok sarta ngandung harti injeuman. Sedengkeun paribasa nyaéta ungkara dina wangun kalimah atawa klausa anu kekecapan jeung susunana geus matok, maksudna geus puguh, biasana ngandung harti babandingan atawa silokaning hirup (Prawirasumantri spk., 2007, kc. 79). Nurutkeun Salmun (dina Sudaryat, 2010, kc. 90), pakeman basa nyaéta kalimah atawa gundukan kecap anu geus dipatok, geus ditaker, diwatesan, teu meunang robah, boh dirobah unina atawa éjahanana, boh dirobah tempatna atawa dilemeskeun. Pakeman basa disebut ogé *idiom*. Jadi, pakeman basa bisa nimbulkeun pangaruh anu leleb karasana pikeun nu ngadéngékeun, ku cara ngabandingkeun hiji hal jeung hal séjénna, tapi harti nu dikandungna teu bisa dihartikeun sajalantrahna.

Dina nyarita maké basa Sunda, ilaharna masarakat sok kabeungkeut ku adat kabiasaan urang Sunda anu sok nyarita ngagunakeun kekecapan séjén anu miboga harti injeuman (kiasan). Éta hal didasaran ku ayana gaya basa anu diwangun ku sasaruana jeung babandingan. Dina ngabandingkeun hiji hal jeung hal séjénna hartina éta hal téh miboga ciri-ciri anu nunjukkeun sasaruana antara hiji omongan

jeung omongan séjénna. Kontéks interaksi samodél kitu lumangsung sangkan dina nyarita teu togmol teuing nalika ngomong hal-hal anu matak pikatugenaheun haté pamiarsa. Saluyu jeung éta hal, ku ayana kecap atawa omongan nu dibalibirkeun miboga sipat anu sarua pikeun ngupamakeun atawa ngabandingkeun hiji omongan, ilaharna mah keur nyaruakeun atawa ngabandingkeun maksud omongan nu sabenerna.

Ku ayana éta babandingan basa, timbul rupa-rupa istilah gaya basa dina babasan jeung paribasa, salahsahijina nyaéta gaya basa ngupamakeun, sakumaha nurutkeun Redaksi PM (2012, kc. 3) yén *perumpamaan adalah peribahasa yang berisikan perbandingan-perbandingan, atau sering juga diartikan sebagai peribahasa yang berupa perbandingan. Biasanya menggunakan kata-kata: seperti; bak; laksana; ibarat; umpama; bagai.*

Gaya basa ngupamakeun biasa ogé disebut *simile*. Asalna tina kecap basa Latin hartina “ibarat atawa saperti”. Saluyu jeung pamadegan Keraf (2010) anu nyebutkeun yén *persamaan atau simile adalah perbandingan yang bersifat eksplisit yaitu bahwa ia langsung menyatakan sesuatu sama dengan hal yang lain. Untuk itu, ia memerlukan upaya yang secara eksplisit menunjukkan kesamaan itu, yaitu kata-kata: seperti, sama, sebagai, bagaikan, laksana, dan sebagainya* (kc. 138).

Gaya basa ngupamakeun ilaharna ngagunakeun kecap panyambung babandingan: *asa, cara, ibarat, jiga, kawas, kadia, lir, saperti, siga, jsté*. Di handap ieu sababaraha conto babasan jeung paribasa ngupamakeun, di antarana: *asa ditonjok congcot, asa kagunturan madu kaurugan menyan putih, cai asa tuak bari kejo asa catang bobo, ibarat mihapékeun hayam ka heulang, jsté*.

Tina conto di luhur bisa dipaluruh ngeunaan kekecap boh basa anu dibalibirkeun boh caritaan anu diucapkeun dina wangun pakeman basa dianggap bisa ngawakilan maksud anu saenyana. Ilaharna pikeun nyaruakeun atawa ngabandingkeun maksud omongan anu sabenerna dina babasan jeung paribasa sok diganti ku ngaran-ngaran anu aya di sakurilingeun urang. Misalna bagian awak sakujur, ngaran sato, ngaran tutuwuhan, ngaran pakakas, ngaran kaayaan alam, ngaran barang, jeung ngaran laku lampah sarta ngaran-ngaran séjénna anu dianggap miboga sipat nu sarua pikeun nepikeun maksud omongan.

Kiwari, dina ngagunakeun babasan jeung paribasa geus kalimpud ku kaayaan jaman anu sacara teu langsung bisa ngarobah kana kamekaran basa Sunda hususna. Loba jalma anu ahéng kana babasan jeung paribasa Sunda, boh éta tina segi kekecapana, boh tina segi budayana. Dina kanyataana, urang Sunda geus loba anu teu maké kana basa Sunda éta sorangan. Boro-boro ngarti kana babasan jeung paribasa Sunda, basa Sundana éta sorangan geus teu dipaliré. Komo deui apal kana gaya basa ngupamakeun mah anu dipaluruh dina babasan jeung paribasa Sunda, dina nyarita waé sok maké basa deungeun dina sapopoéna. Ninggali kana fakta jeung kayaan nu geus karandapan, ku kituna panalungtikan ngeunaan gaya basa ngupamakeun dina babasan jeung paribasa dilaksanakeun.

Aya sababaraha panalungtik anu ngabahas ngeunaan babasan jeung paribasa ngan lain gaya basa ngupamakeun anu jadi fokus panalungtikanana. Conto panalungtikan ku Jeni Siswandi (2005) judulna “Babasan jeung Paribasa dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot*” karangan Karna Yudibrata. Ieu panalungtikan ngajéntrékeun tur ngainventarisir unsur téma, suasana, sarta babasan jeung paribasa anu aya dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot*. Panalungtik séjénna nyaéta ku Nining Novianti (2012), judulna “Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Linguistik Antropologis)”. Data nu kacangking dibagi-bagi dumasar kana unsur-unsur basana nyaéta frasa, kecap rundayan, kecap kantétán, kecap rajékan, kalimah salancar jeung rangkepan. Panalungtik anu maluruh ngeunaan métafora gé kungsi dilaksanakeun ku Rika Susanti, judulna “Métafora Hewan dan Peribahasa Bahasa Indonesia (Kajian Antropolinguistik)”. Ieu panalungtikan museurkeun kajian ngeunaan métafora dipatalikeun kana antropologis. Panalungtik séjénna anu maluruh ngeunaan métafora nyaéta Anita Nurul Fauziah (2014), judulna “Gaya Basa Métafora dina Babasan jeung Paribasa Basa Sunda (Tilikan Stilistika jeung Semantik). Ieu panalungtik ngabahas ngeunaan métafora ngaran bagian awak, sasatoan jeung tutuwuhan dina babasan jeung paribasa basa Sunda. Tuluy panalungtikan “Babasan jeung Paribasa nu Ngandung Ngaran Babagian Awak (Tilikan Semantik)” kungsi dilaksanakeun ogé ku Femy Firmansyah (2014).

Dumasar kana katerangan di luhur, can aya anu nalungtik ngeunaan gaya basa ngupamakeun dina babasan jeung paribasa Sunda. Ku kituna, panalungtikan

anu judulna “Gaya Basa Ngupamakeun dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Stilistika jeung Semantik)” dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah anu diidentifikasi, mangka perlu ayana watesan masalah anu museur kana hiji hal sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana. Dina ieu panalungtikan anu didésripsikeun téh nyaéta babasan jeung paribasa ditilik tina wangun stilistika anu mangrupa ulikan gaya basa ngupamakeun sarta harti anu dikandungna. Ulikan gaya basa ngupamakeun leuwih dipuseurkeun kana ciri gaya basa nu ilaharna sok ngagunakeun kecap panyambung babandingan: *asa, cara, ibarat, jiga, kawas, kadia, lir, saperti, siga, jsté*. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé museur kana analisis wanda basa ngupamakeun sarta sipat jeung acuan harti dina babasan jeung paribasa anu ngandung gaya basa ngupamakeun. Ku kituna, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan saperti di handap.

1. Babasan jeung paribasa Sunda naon waé anu ngandung gaya basa ngupamakeun?
2. Wanda gaya basa ngupamakeun naon waé anu kapanggih dina babasan jeung paribasa Sunda?
3. Kumaha ciri-ciri gaya basa ngupamakeun dina babasan jeung paribasa Sunda?
4. Kumaha sipat jeung acuan harti dina babasan jeung paribasa Sunda anu ngagunakeun gaya basa ngupamakeun?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tangtu dina unggal panalungtikan pasti aya tujuan anu rék dihontal pikeun nyangking hasil tina éta panalungtikan. Ieu panalungtikan miboga dua tujuan anu baris dihontal, nyaéta (1) tujuan umum jeung (2) tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadésripsikeun, medar, sarta mikanyaho kana babasan jeung paribasa Sunda ditilik tina gaya basa (stilistika) jeung harti (semantik).

### 1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti tujuan umum anu disebutkeun di luhur, ieu panalungtikan ogé miboga tujuan husus nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

1. babasan jeung paribasa anu ngandung gaya basa ngupamakeun;
2. wanda gaya basa ngupamakeun dumasar kana sumber babandingan;
3. ciri-ciri gaya basa ngupamakeun ditilik tina kecap panyambung babandingan; jeung
4. sipat jeung acuan harti dina babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung gaya basa ngupamakeun.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan élmu pangaweruh dina kamekaran élmu basa, hususna léksiko-semantik.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, di antarana pikeun:

1. nambahan élmu pangaweruh pikeun nu nulis ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda hususna dina gaya basa ngupamakeun;
2. sumber bahan ajar pangajaran basa Sunda di sakola;
3. kamekaran basa jeung budaya bangsa dina widang babasan jeung paribasa Sunda; jeung
4. salahsahiji référénsi pikeun panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung babasan sarta paribasa Sunda.

### 1.5 Struktur Organisasi

Ieu tulisan téh dipidangkeun dina lima bab, nyaéta ieu di handap.

1. Bab I ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan ngawengku tujuan husus jeung tujuan umumna, mangpaat tina panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, sarta struktur organisasi.

2. Bab II ngeunaan ulikan tiori anu ngabahas babasan jeung paribasa, stilistika, gaya basa ngupamakeun jeung hartina dina gaya basa. Pedaran séjéna nyaéta panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan, sarta raraga mikir anu jadi konsép dina ieu panalungtikan.
3. Bab III ngeunaan métodeu panalungtikan anu ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data, sarta téhnik ngolah data.
4. Bab IV ngeunaan hasil jeung pedaran tina panalungtikan mangrupa jawaban-jawaban nu aya dina rumusan masalah, nyaéta ngeunaan gaya basa ngupamakeun nu kapanggih dina babasan jeung paribasa Sunda, wanda gaya basa ngupamakeun, ciri-ciri gaya basa ngupamakeun dina babasan jeung paribasa Sunda, sarta sipat jeung acuan harti dina babasan jeung paribasa Sunda.
5. Bab V ngeunaan kacindekan jeung saran nu eusina mangrupa inti sari tina hasil panalungtikan sarta saran anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca..